# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–21 अप्रैल 2024 भोजपुरी समाचार

लोकसभा चुनाव क दुसरका अउर तिसरका फेरा बदे परचार जोरिया गइल हौ। बसपा प्रमुख अउर पूर्व मुख्यमंत्री मायावती अमरोहा सीटि पर पारटी ओम्मेदवार मुजाहिद हुसैन के समरथन में एगो जनसभा के सम्बोधित कइलिनि। उहां के कहलिनि कि बसपा खाली काम में भरोसा करे ले, येही से घोसणा पत्र जारी नाहीं करे ले। एकर सबूत बसपा अपने कार्यकाल में सबकर विकास कइ के दे चुकल हौ। उहां के गाजियोबाद में चुनाव परचार कइलिनि। भाजपा क सीनियर नेता अमित शाह काल्हि मथुरा में जनसभा में कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देस के मजबूत अउर समृद्ध बनवले हवें। उहां के राम मंदिर निरमाण अउर अनुच्छेद तीनि सौ सत्तरो क मुद्दा प्रमुखता से उठवलीं। ओहीं, कांग्रेस क सीनियर नेता राहुल गांधी अउर सपा नेता आ पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादवो काल्हि अमरोहा में गठबंधन ओम्मेदवार कुंवर दानिश अली बदे जनसभा कइलें। राहुल गांधी कहलें कि ई चुनाव लोकतंत्र अउर देस बचावे बदे हौ। ओहीं, अखिलेश यादव कहलें कि गठबंधन येह चुनाव में ढेरि से ढेरि सीटि जीती। येह बिच्चे प्रदेस में तिसरका फेरा क दस सीटिनि बदे एक सौ बेयासी ओम्मेदवारन के परचन क जांचि कइल गइल। नांव वापसी क आखिरी तारीख बाइस अपरैल हौ। ओट सात मई के पड़ी।

**********

लोकसभा चुनाव में ढेरि से ढेरि लोगिन के ओट देवे खातिर प्रेरित करे बदे कई जिलन में जन–जागरूकता से जुड़ल गतिविधियन क आयोजन कइल जा रहल हौ। येही कड़ी में आजु बनारस क डीएम अउर जिला निर्वाचन अधिकारी महिला स्कूटी रैली के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। ई रैली उदय प्रताप कॉलेज से रवाना हो के सहर क मेन रोड़ से होत सर्किट हाउस पर खतम भइल। जिला क बंगाली टोला इण्टर कॉजेलो में काल्हि समूह गीति, पोस्टर अउर स्लोगन प्रतियोगिता के जरिया से लोगिन के ओट के महातम के बारे के बतावल गइल। ओहर, पच्छिमी उत्तर प्रदेस क मेरठ जिलो में कई गो आयोजन के जरिया से ओटरन के जागरूक कइल जा रहल हौ। ओहां होटल एसोसिएसन अउर इण्डियन मेडिकल एसोसिएसनों छब्बीस अप्रैल के ओटिंग के बाद एकर निसान देखवले पर छूट दिहले क घोसणा कइले हौ।

**********

आज जैन धरम क चउबीसवां तीर्थंकर भगवान महावीर स्वामी क जयंती आदर अउर सरधा के साथे मनावल जा रहल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली क भारत मण्डपम् में भगवान महावीर के दुइ हजार पांच सौ पचासवां निर्वाण महोत्सव क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर उहां के एगो स्मारक सिक्का अउर डाक टिकटो जारी कइलीं। प्रधानमंत्री कहलें कि भारत विस्व क प्राचीनतम जीवन्त सभ्यता त हइये ह, ई मानवता क आश्रय स्थलो हौ।

ओहर, प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह मौका पर प्रदेसवासियन अउर सरधालुअन के सुभकामना दिहले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि महावीर स्वामी क दिव्य सिक्षा हमेसा प्रासंगिक रही। कुशीनगर जिला के फाजिलनगर में दिगम्बर जैन मंदिर में धर्मावलम्बी लोगि महावीर स्वामी क खास पूजा कइ के विस्व सान्ति क कामना कइलें। अमरोहा जिला में येह मौका पर एगो रथयात्रा निकारल गइल, जवन मुख्य मंदिर से होत कोट जैन मंदिर पर पूरा भइल।

**********

दक्षिणी भारत से बनारस आवे वाले सरधालुअन क सुविधा खातिर नाटकोट्टम क्षत्रम श्री काशी नटूकोट्टई नगर क्षेत्रम क नांव से दस मंजिला धरमसाला बनवाई। केन्द्रीय मंत्री निर्मला सीतारमन के मौजूदगी में बनारस के सिगरा में प्रस्तावित एक सौ पैंतीस कमरा के येह धरमसाला बदे भूमि पूजन कइल गइल। एक सौ पैंतीस कमरा क ई धरमसाला पनरह हजार स्क्वायर फीट में बनी। केन्द्रीय मंत्री येह मौका पर कहलिनि कि ब्यौपार में दक्षता रक्खे वाले येह समुदाय के ओरि से बनावल जा रहल ई धरमसाला अपने मकसद में कामयाब होई।

**********

पीलीभीत–मैलानी जंक्सन रेलखण्ड पर येह महिन्ना से तीनि गो नया ग्रीस्मकालीन बिसेस रेलगाड़ी सुरू कइल जाई। इज्जतनगर मण्डल क जनसम्पर्क अधिकारी राजेन्द्र सिंह बतवलें कि लालकुंआ से हावड़ा जंक्सन के बिच्चे पचीस अपरैल से साप्ताहिक रेलगाड़ी चली। ओहीं, रामनगर से लखनऊ के बिच्चे छब्बीस अपरैल के जबकि लालकुंआ से बनारस के बिच्चे ओन्तीस अपरैल से बिसेस रेलगाड़ी सुरू कइल जाई।

**********

पूरा प्रदेस में भीसण गरमी अउर लुह से जन–जीवन परभावित हौ। येह बिच्चे गोरखपुर अउर आसपास के इलाका में संझा के कुछु राहति मिलल। येह बिच्चे मौसम विभाग अनुमान जतवले हौ कि अगिला एक हप्ता ले राज्य के ढेरि इलाकन में सुक्खल मौसम रही। दिन में तेज घाम अउर गरम बेयारि चली ओहीं, पच्छिमी बिक्षोभ के नाते पच्छिमी इलाकन में हल्लुकाहे बूंदाबंदियो हो सके ला। कुशीनगर जिला में तापमान बढ़ले अउर लुह चलले से डायरिया क मरीज सामने आ रहल हवें। आजु ओहवां क तापमान पैंतालीस डिगिरी रेकार्ड कइल गइल।

**********